

Entwodiksyon pou Rejima Alimantè Likid Klè

Pou koloskopi ak pou pasyan ki ap pran medikaman pou pèdi pwa GLP1: Yon jou avan operasyon ou an, kòmansed yon rejim alimantè likid klè (sof si yo ba w lòt endikasyon)

Pou tout moun: Yon jou avan operasyon ou an, ou kapab pran likid ki klè *jiska 2 èdtan avan operasyon ou an (sof si yo ba w lòt endikasyon).*

WI – Li Bon pou w konsome sa yo:

Dlo

Te ak kafe nwa, *ki PA genyen lèt, krèm oswa pwodui aleje*

Ji klè, ki genyen koulè pal (pòm, avèk rezen)

Soda

Bwason pou espòtif (Gatorade, ki genyen koulè pal sèlman)

Jell-O ose jele ki pa genyen fwi ladan yo (ki pa genyen ni koulè wouj ni mov)

Bouyon san grès oswa lwil



NON – PA konsome sa yo:

Lèt

Ji blennde

Krèm

Ji ki genyen ma fwi a ladan l (zoranj, Panplemous)

Ji tomat

Soup oswa bouyon ki genyen grès oswa lwil

Nenpòt bagay ki genyen koulè wouj oswa mov

Bwason alkolize

